

# Kenbe tout randevou ou genyen nan klinik la

## Rete an Kontak

Pran swen sante w ale wè doktè'w pi souvan.



**Kenbe tout randevou ou  
genyen nan klinik la.**  
Sante ou depan n de sa!



## Kòman ou ka rete an kontak

- Kenbe tout randevou ou genyen nan klinik la.
- Travay ansanm ak doktè'w.
- Toujou bay mounn kap ede ou yo verite.
- Poze kesyon ki enpòtan pou ou.

## Poukisa li enpòtan pou'w kenbe randevou ou genyen nan klinik la?

### Sante ou depan n de sa!

Jou randevou ou yo

- Nou ka toujou tcheke sante ou e fè chanjman ki nesèsè nan tretman'w.
- Nou ka ba ou pi bon tretman medikal.
- Se ou men ki ka kontwole sante ou.

Yon gwo rechèch kite fèt montwe ke mounn ki gen VIH ki te swiv tout randevou doktè yo viv pi lontan.

*Referans: Clinical Infectious Diseases, 2007.*

**Sonje – li enpòtan pou vini nan tout randevou doktè'w kit ou santiw malad, kit ou santiw an sante.**

## Jan pou ou sonje tout randevou ou genyen

- Ekri tout randevou ou genyen nan yon almanak.
- Ekri mesaj kipou fè ou sonje nan selila fòn ou.
- Mete ti kat ki pou fè ou sonje ya on kote ke ou ka wè li souvan.
- Fè sèten nou gen bon nimewo telefòn ou ak adrès ou.
- Fè nou konnen tout swit si telefòn ou ak adrès ou chanje.

Si on bagay ta rive, epi ou pakapab vini nan randevou a, silvouplè eseye fè nou konnen 2 jou davans. Li twè enpòtan pou nou mete yon lòt randevou pou ou.